*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№38 (26490)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 6 мартъи – тæргæйтты мæйы 6 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАТРИОТОН ХЪОМЫЛАД *Скъоладзаутимæ фембæлд*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Ног объект**

## Адæмы æнæниздзинадæн



**Бинонты физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс «Физикон» байгом знон Дзæуджыхъæуы. Объект арæзт цыд федералон проект «Бизнес-Спринт»-ы паддзахадон программæ «Æз æвзарын спорт»-ы бындурыл ООО «Подкова», РЦИ-Аланийы Хицауады хъæппæрис æмæ Уæрæсейы Федерацийы Спорты министрады 'ххуысæй.**

Комплекс у канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Цæгат Кавказы дæр фыццаг. Ацы ран ис уæрæх фадæттæ æгас бинонтæн дæр се 'нæниздзинад дзæбæх кæнынæн. Мадзалмæ æрбацыдысты: РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, УФ-йы спорты министры хæдивæг **Мгер Гандилян**, РЦИ-Аланийы спорты министр **Фрайты Сослан,** амалхъом **Бердыты Вадим**, уæгъдибар хъæбысхæсты чемпионтæ **Найфонты Артур, Сидахъаты Зауырбег, Рæмонты Сослан, Тменаты Тамерлан** æмæ РЦИ-Аланийы спорты министры хæдивæг **Санаты Аидæ**. Уазджытæн комплексы кусджытæ сарæзтой экскурси бæстыхайы залтыл. Ис дзы сывæллæттæ, нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæн хицæн хатæнтæ уæлæдарæс раивынæн, бассейнтæ, сывæллæттæн хъазæн фæзтæ æмæ хиирхæфсæн агъуыстытæ, физикон цæттæдзинады, медицинон æмæ массажгæнæн кабинеттæ, тренажертæ æмæ конференцитæ аразæн залтæ, стæй къофицымæн хатæн. Абоны онг комплексы хи дзæбæх кæнынмæ сæхи ныффыстой 1150 адæймаджы. Бæстыхайыл экскурсийы фæстæ УФ-йы спорты министры хæдивæг Мгер Гандилян куыд радзырдта, афтæмæй ацы проектыл ныхас цыд 2022 азы, йæ арæзтад та райдыдта 2023 азы æмæ кæронмæ фæцис 2025 азы.

– Ахæм объекттæ тынг ахсджиаг æмæ вазыгджын сты адæмы æнæниздзинад фидардæр кæнынæн. Кæд нæ бæстæйы æдæппæтæй цалдæр йеддæмæ не сты, уæд ацы проект дарддæр æххæстгонд цæудзæн Уæрæсейы иннæ регионты дæр, – загъта Мгер Гандилян.

Дзанайты Барис та радзырдта, Цæгат Ирыстон спорты бæстæ кæй у, æмæ спорты инфраструктурæйы рæзтыл архайд дæр нæ республикæйы цæуы.

– Паддзахадон проекты фæлгæты бирæ фарстатæ лыггонд цæуы Ирыстоны. Абон æвдисæн цы комплексæн стæм, уый канд хæрзвадат нæу, фæлæ спортсментæн дæр ахъаззаджы мадзал се 'нæниздзинад фидардæр кæнынæн æмæ адæмы царды уавæртæ нырыккон стандарттæм гæсгæ хæрзхъæддæр кæнын, – загъта Дзанайы-фырт.

Дзæбæхгæнæн комплексы ном «Физикон» дæр иронау æвзæрст, æвæццæгæн, хуымæтæджы не 'рцыд. Цы ног закъон рацыд 1 мартъийæ фæстæмæ, уый домы, нæ бæстæйы æппæт æхсæнадон æмæ социалон объектты нæмттæ иууылдæр уырыссагау фыст куыд æрцæуой, национ регионты та – уырыссаг æмæ сæхи мадæлон æвзæгтыл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Парламенты Советæй**

## Депутаттæ æмæ бынæттон хиуынаффæйады æмархайд кæны æнгомдæр

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ æрбамбырд сты Октябрыхъæуы æмæ æрныхас кодтой республикæйы Горæтгæрон районы социалон-экономикон рæзты ивгъуыд азы бæрæггæнæнтыл æмæ, ацы аз сæ размæ цы пълантæ ис, уыдоныл.



– Нæ бæстæйы Президент куыд расидт, афтæмæй ацы аз у Адæмты иудзинады аз, æмæ уыцы хъуыддагæн Цæгат Ирыстоны Горæтгæрон район у ирд цæвиттон. Рагæйæрæгмæ дæр ам фæрсæйфæрстæм цæрынц алыхуызон адæмты минæвæрттæ æмæ, се 'хсæн цы хæлардзинады бастдзинæдтæ ис, уыдон хъахъхъæнгæйæ, районы социалон-экономикон уавæр хуыздæр кæнынмæ аккаг бавæрæн хæссынц, – йæ разныхасы загъта Тускъаты Таймураз.

Сæйраг доклад æмбырды ракодта Горæтгæрон районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæуууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Плиты Алан**. Куыд загъта, афтæмæй районы рæзты ис æнтыстытæ, зæрдæмæдзæугæ бæрæггæнæнтæ. Ивгъуыд азы бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 2 миллиард æмæ 807 милуан сомы, 2024 азимæ абаргæйæ, фылдæр, хæрдзтæ та – 2 миллиарды æмæ 665 милуан сомы, афтæмæй районы бюджет рауад æфтиагджын. Æмæ, дарддæр дæр хи æфтиæгтæ фылдæр кæнынæл район кæй архайы, уымæй зæрдæ æвæрынц. Плийы-фырт ныхас кодта, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомгæнджыты нымæц кæй фæфылдæр (уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, 2025 азы сыл бафтыд 26 амалхъомы), аууонæй ракæнынил æмæ æргом куыст кæнынил адæмы куыд разæнгард кæныц, ууыл, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы мадзæлттæ аразынил, хъæууон хæдзарады, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, фæндæгтæ аразыны, цæрæнуатонкоммуналон æмæ культурæйы къабæзты сæм ивгъуыд аз цы ивддзинæдтæ 'рцыд, æппæт уыдæттыл. Афтæ, бындурон цалцæггонд æрцыдысты Культурæйы хæдзар æмæ музыкалон скъола Ногиры, стæй дыууæ фæлладуадзæн æхсæнадон бынаты Октябрыхъæуы, иу та – Донгæроны; Джызæлы арæзт æрцыдысты, коттедж кæй хонынц, 29 ахæм хæдзары: бындурон цалцæггонд æрцыд донуадзæн хæтæлты 7,7 километры; сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн районы цы æххуысы мадзæлттæ ис, уыдон сты сæдæйæ фылдæр. Социалон æгъдауæй ахсджиаг чи у, 32 ахæм объекты рацараздзысты ацы аз, се 'хсæн – фæндæгтæ, скъолатæ, сывæллæтты рæвдауæндæттæ, фæлладуадзæн æхсæнадон бынæттæ.

Депутаттæ байхъуыстой, районы бюджетон процессы муниципалон сконд куыд архайы, уый фæдыл Горæтгæрон районы цæстдарæн-нымайæн палатæйы сæрдар **Хъарданты Неллийы** докладмæ. Раныхасгæнæг йе 'ргом аздæхта бюджеты пъланон бæрæггæнæнтæ æххæст кæнынмæ, стæй, бынæттон администраци æмæ муниципалон æндæр кусæндæтты кусджыты штат куыд арæзт у, уыцы фарстамæ.

Парламенты бюджет, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр** ныхас кодта районы экономикон рæзты уавæр æмæ уыцы рæзты гæнæнтыл. Депутат сагъæссагыл банымадта, фос дарын районы къаддæр кæй райдыдтой æмæ уый ахсосæй стурыфыд æмæ æхсыры куыстад районы кæй фæкъаддæр, уыцы хъуыддаг. Афтæ – хъæууон хæдзарады къабазы æмæ хойраджы промышленносты дæсны кусджытæ кæй нæ фаг кæны, стæй, æгуыст адæмы нымæц сæм 26 процентæй кæй фæфылдæр, уый дæр.

Тауитты Алыксандр ма ныхас кодта, социалон политикæйы фарстатæ районы куыд лыггонд цæуынц, ууыл. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, сæ алыг кæнынæн ахъаз кæндзæн кадртæ цæттæ кæнынимæ баст дæсны политикæ, рагагъоммæйы профориентацион куыст æмæ куыстдæтджытимæ æнгом бастдзинæдтæ.

Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй фарстатæ лыг кæнынæн пайда уыдзæн Парламенты депутаттимæ районы бынæттон хиуынаффæйады ноджы æнгомдæр æмгуыстад.

Ивгъуыд азы депутатты Горæтгæрон районмæ кусæг балцы фæдыл хаст Парламенты уынаффæтæ куыд æххæстгонд æрцыдысты, ууыл уыд йæ раныхас Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Асланæн.**

Æппæт раныхæсты фæдыл фиппаинæгтæ æмæ фæрстытæ уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæ** æмæ депутат **Бæззаты Аланмæ**.

Депутатæ ма се 'мбырды равзæрстой æмæ æрныхас кодтой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст æртæ закъоны проектыл.

Парламенты Советы æмбырды фæстæ Тускъаты Таймураз, йемæ ма районы муниципалон сконды сæргълæууæг **Гаглойты Алан**, районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Плиты Алан æмæ Парламенты депутаттæ – **Хæдарцаты Аслæнбег, Киситы Мурат, Саккаты Ушанги, Зассеты Алан, Бæззаты Алан** – фембæлд районы амалхъомадон куыстгæнджытимæ. Фембæлды архайджытæ Парламенты Сæрдармæ лæвæрдтой, се 'рвылбоны куысты сæ тынгдæр чи тыхсын кæны, ахæм фæрстытæ. Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомтæн закъонæвæрынадон бындурыл цавæр зæрдæдарæнтæ ис? Ныры æргъты рæзты уавæрты архайгæйæ, амалхъомтæн паддзахадæн йæ бон цæмæй у баххуыс кæнын? Ацы æмæ бирæ æндæр фæрстытæн Парламенты Сæрдар лæвæрдта бæстон дзуаппытæ.

Уыцы бон Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта Горæтгæрон районы центрон рынчындон дæр. Рынчындоны сæйраг дохтыры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Хъараты Иринæ** Парламенты Сæрдарæн радзырдта дзæбæхгæнæндоны абоны уавæры тыххæй æмæ загъта, сæ гæнæнтæ кæй ивынц æмæ медицинон лæггæдтæ хуыздæр кæй кæнынц.

Тускъаты Таймураз ма бабæрæг кодта Ногиры музыкалон скъола æмæ æхсызгонæй федта, бындурон рацарæзты фæстæ аивадон ахуыргæнæндон йæ хуыз куыд аивта, уый.

Горæтгæрон районмæ йæ кусæг балцæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Парламенты Сæрдар йæ хъуыдытæ загъта æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæртты фæрстытæн дзуаппытæ ратта.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Ахуырад**

## Ног зонындзинæдтæ райсынæн

**Æрыдоны æрбынæттонуæвæг Цæгат Кавказы аграрон-технологион колледжы студенттæ Бытъуылты Хетæг æмæ Сергей ТРЕТЬЯКОВ архайынц Дæллаг Новгороды облæсты цæуæг «Профессионалтæ-2026» профессион дæсныдзинадæй чемпионаты регионалон хайы.**

Национ проект «Беспилотные авиационные системы»-йы фæрцы кæй æххæст кæнынц, цæгатирыстойнаг лæппутæ архайынц ерысты ахæм ахадгæдæр къабаз «Внешнее пилотирование и эксплуатация беспилотных воздушных судов»-ы.



Сергей нымад у чемпионаты архайæгыл, Хетæг та – йæ зондамонæгыл. Нæ лæппутæн разамынд дæтты информацион райрæзтæй колледжы директоры хæдивæг **Ахмед Муслимов**.

Ныртæккæ нæ республикæ амынд национ проектмæ гæсгæ специалистты парахатæй цæттæ кæны. Фæсивæд æнæпилотон авиацион системæтæй пайда кæнынил цæмæй сахуыр уой, уымæн фадæттæ арæзт цæуынц. Æртыккаг аз цæгатирыстойнаг скъолаты кусынц амынд системæты 18 специализацигонд къласы, аграронтехнологион колледжы та – æнæпилотон авиацион системæты специалистты практикон цæттæкæнынады профилон центр.

– Дыууæ мин дыууын дыккæгæм азæй фæстæмæ нæ колледж архайы æнæпилот авиацион системæтæй пайдакæнынады хъуыддаджы. Электронон ахуырады технологитæй пайдагæнгæйæ, æнæпилот авиацион системæты специалисттæ цæттæ кæнæм. Уымæй уæлдай, цыппæрæм аз регионалон чемпионат «Профессионалтæ»-йы компетенци «Эксплуатация беспилотных авиационных систем»-мæ гæсгæ ерыстæ аразæм. Ацы аз чемпионаты фæткмæ бахастам ноджыдæр ма иу компетенци – «Внешнее пилотирование и эксплуатация беспилотных воздушных судов». Æнæпилотон авиацион системæтæй бæстæйы алыхуызон регионты цæуæг ерысты архайгæйæ дзы не студенттæ раззаг бынæттæ ахстой. Дæллаг Новгороды облæсты цæуæг регионалон чемпионаты архайыны фæрцы нæ фæсивæдæн ис æнæпилотон авиацион системæтæй пайдакæнынады къабазы ног зонындзинæдтæ райсыны фадат, – зæгъы колледжы хайад «Беспилотные авиационные системы»-йы разамонæг **Бедойты Луизæ**.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

**Дзырды фарн**

*Цæргæс бæрæг вæййы йæ тахтæй,*
*хъæбатыр гуырд – йæ цыдæй.*

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **6 мартъийы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **уазалы 2 градусæй – хъармы 6 градусы онг.** | Боны дæргъ — 11,25 | Хурыскаст — 06,31<br>Хурныгуылд — 17,57 | Валютæйы аргъ | Доллар — 77,61<br>Евро — 90,31 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Хицауадæй

# Ныхас фыццаградон нысантыл

**Республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис министрты кабинет æмæ æххæстгæнæг оргæнты разамындæн цы æмбырд сарæзта, уым ныхас рауад Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты фыццаградон нысантыл.**

Дзанайы-фырт æмбырды архайджыты æргом аздæхта ацы азы объекттæн социалон бадзырдтæ срæвдз кæнынмæ. Цæмæй национ проектты æмæ паддзахадон программæты æппæт арæзтадон, цалцæггæнæн куыстытæ афойнадыл райдайой, уымæн бахъæудзæн паддзахадон бадзырдтæ æмгъуыдмæ гæсгæ скæнын. Уыдон хъуамæ фыст æрцæуой 1 апрелы онг.

Хицауады Сæрдары фæндыдис базонын, агротехнологон къласты сарæзыны хъуыддаг куыд æнтысы, уый. Хъæууон хæдзарады ведомствæйы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй нырмæ æмгуыстады тыххæй разыйы дзуапп райстой 4 инвесторæй. Цæгат Ирыстоны скуыстой 27 агротехнологон къласы. Уыдæттæ къухы æфтынц регионалон проект «Кадртæ» æмæ национ проект «Хойраджы æдасдзинады технологон ифтонгад»-ы руаджы.

Уыцы национ проектмæ гæсгæ ацы аз 114 милуан сомы радих кæндзысты «Агротуризм»-ы рæстæн. Æххуыс райсдзысты 12 амалхъомы, фæлæ, Хицауады Сæрдары ныхасмæ гæсгæ, хъуамæ æппæт фæзилæнтæ дæр нымад цæуой, федералон фæрæзтæ чи райса, уыдон сæ куыд æмæ цæуыл хардз кæндзысты, уымæ хъæуы цæст фæдарын.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Темирты Карэн** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Хицауады Сæрдары фæдзæхстæй Тагъд медицинон æххуысы клиникон рынчындоны фæзынд æнæниздзинады цыбыр гæнæнтимæ рынчынтæн сæрмагонд палатæтæ. Дзанайты Барис бафæдзæхста иннæ рынчындæтты дæр ахæм палатæтæ байгом кæнын.

Цæгат Ирыстон йæхи цæттæ кæны Кавказаг инвестицион форуммæ, уый скæндзысты Минеральные Водыйы горæты 17-19 майы. Экономикон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Олег Быкадоров** фæбæрæг кодта, инвестицион форумы цы пайдайаг бадзырдтæ бафыссынмæ хъавынц, уыдоныл куыст куыд цæуы, уый. Хицауады Сæрдар æмбырды кæронбæттæны куыд загъта, афтæмæй æппæт разамынддæтджытæм æнхъæлмæ кæсы стыр куыст. Царды рауадзын бахъæудзæн социалон, коммуналон æмæ фæндаггон инфраструктурæйы объекттæ саразыны нысантæ.

«Алкæцы дæр сæ нæ адæмæн тынг ахсджиаг у, сæ цардыл бæрæг дарынц. Цыдæриддæр бадзырдтæ саразынимæ баст у, уыдæттæм рæвдз бавналут. Æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнты разамонджытæ та сæ цæст дарæнт программæтæ, национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Уымæй уæлдай, ногарæзт объекттæ сæ афоныл баххæст кæнут хъæугæ дзаумайæ, ифтонггæрзтæй. Республикæйы Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** нын нæ размæ æвæры Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзтыл ахадæг хæстæ», – загъта республикæйы Хицауады Сæрдар.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Патриотон хъомылад

# Скъоладзаутимæ фембæлд



**1989 азы 15 февралы советон æфсæдтæ рацыдысты Афганистанæй. Чысыл хъуагæй дæс азы цы хæст ахаста, уый архайджытæн амынд бон нымад у æфсæддон-интернационалистты номарæныл.**

Фæсивæды 'хсæн патриотон хъомылад æххæст кæнынæн 15 февралы агъоммæ Алагиры æртыккæгæм скъолайы уыд дзыллон мадзал «Афганистан – нæ номарæн æмæ хъыг». Скъоладзаутимæ фембæлдмæ æрбацыдысты Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады Ветеранты советы сæрдар, пъæлицæйы отставкæйы булкъон **Бицъоты Олег**, Афганистаны хæсты архайджытæ **Гозымты Витали** æмæ **Лазарты Хъазыбег**, районы сæргълæууæджы уынаффæгæнæг **Гæбуаты Юри**, æфсады запасы дæлбулкъон **Калоты Алыксандр** æмæ районы «Фыццæгты змæлд»-мæ цæстдарæг **Икъаты Дианæ.**

Кадджын урочы райдайæны азæлыд Уæрæсейы гимн. Афганистаны хæсты ветерантæ се 'фсæддон службæимæ баст цаутæ кæй радзырдтой, скъоладзаутæ уыцы мысинæгтæм хъуыстой лæмбынæг. Ахуырдзаутæ базыдтой, 18-19 азы кæуыл сæххæст, Алагиры районæй Афганистаны хæсты 50-йæ фылдæр ахæм лæппулæджы кæй архайдтой, уый. Афганистанмæ æрвыст советон æфсæддонтæ сæ службæйы хæстæ бæрнонæй кæй æххæст кодтой, хæсты ветерантæ уый тыххæй радзырдтой бæлвырд хабæрттæ.

Фембæлд уыд зæрдæхæлар. Скъоладзаутæ уазджытæн се 'фсæддон службæйы тыххæй фарстытæ раттой. Хæсты чи фæмард, уыцы æфсæддонты рухс нæмттæ ссардтой фембæлды архайджытæ, æдзæмæй алæугæйæ. Амынд нывыл карст дзыллон мадзæлттæ рæзгæ фæлтæры патриотон хъомыладæн кæй ахъаз кæнынц, скъолайы ахуыргæнджытæ уууыл сæ зæрдæ дарынц.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Аудындзинад

# Зæрдиаг æххуыс

**Бирæ стырзæрдæ адæм ис, зæгъгæ, хатгай кæд ахъуыды кæнæм, уæддæр сæмбæлæм зæрдæхæлар, аудæг адæймæгтыл дæр. Ууыл дзурæг у Бесланы æрбынæттонуæвæг Рахизфарсы районы чиныгдоны куыст.**

**Хуыбиаты Виктория** цы чиныгдоны сæргъы лæууы, уым сывæллæтты хайад сфæнд кодта цæгатирыстойнаг фæкæсинаг бинонтæн баххуыс кæнын. Адæм чиныгдоны кусджытæм сæвзæрæг фæндоныл сразы сты. Чиныгдоны кусджытæ телефонæй бадзырдтой нæ республикæйы зындгонд хæрзаудæн фонд «Зæрдæхæлардзинад-15»-ы разамонæг **Гуыбаты Маринæмæ.**

Дзæвгар рæстæг сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, рынчынтæ æмæ цыбыркъух адæймæгтæн чи æххуыс кодта, уыцы сылгоймаг сæ курдиатыл сразы. Куыд рабæрæг, афтæмæй хъысмæты фæзилæнты фæрцы Рахизфарсы районы чиныгдætты директор **Кодзырты Светланæ** æмæ Гуыбаты Маринæ зонгæ сты (бирæ азты размæ, карджын адæм æмæ æнæкуыстхъомты республикон хæдзар-интернат «Забота»-йы кусгæйæ, Светланæ Маринæйæн баххуыс кодта æмæ афтæмæй дыууæ сылгоймаджы 'хсæн фæзынд хæлар ахастдзинæдтæ).

Бесланмæ æрбацæугæйæ, Гуыбаты Маринæ чиныгдоны кусджытæн радзырдта йæхи æмæ йæ фонды архайдимæ баст хабæрттæ. Адæмæн хорздзинад кæныны хъуыддагæн стыр ахадындзинад кæй ис, уый рахатыдысты, Маринæмæ байхъусгæйæ, чиныгдоны кусджытæ.

Алагиры райгуырæг Маринæ 23 азы дæргъы фæцард æмæ куыста Мæскуыйы. Дæс азы размæ сылгоймаг йæ Райгуырæн зæххмæ сыздæхт. Аст азы размæ Маринæ Алагиры цы хæрзаудæн фонд – «Зæрдæхæлардзинад-15» сарæзта, уым фæкæсинаг адæмæн æххуыс кæны. Сылгоймаг цалдæр хатты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн аласта гуманитарон æххуыс: дон, хойраг, алыхуызон хъæугæ дзаумæттæ...

Аст азмæ Маринæйæн фæзынд æххуысгæнджытæ. Адæм фондмæ æрбахæссынц æхца, хойраг æмæ алыхуызон хъæугæ дзаумæттæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты цы мыдадзын цырæгътæ бахъæуы, уыдон фембæлды рæстæг Маринæйæн раттой чиныгдоны кусджытæ (сæхæдæг сæ сарæзтой). Маринæ чиныгдоны кусджытæн бузныг загъта гуманитарон æххуысы фæдыл. Рæхджы ацы цырæгътæ æмæ æндæр дзаумæттæ сæрмагонд операцийы архайджытæм бахæццæ уыдзысты.



**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад

# Коммуналон фиддонты рæзт бауромын...

**Ацы фарста кæй нæ тыхсын кæны, ахæм адæймаг, æвæццæгæн, нæй. Уавæрмæ иудадзыг сæ хъус дарынц республикæйы Парламенты депутаттæ дæр. Ахæм æмбырд стæм вæййы, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадыл, тарифтæ æмæ уавæр фæхуыздæр кæныны закъонæвæрынадон мадзæлттыл ныхас ма рацæуа.**

Афтæ, амæй размæ Парламенты цы æмбырд уыд, уым депутаттæ байхъуыстой Тарифты регионалон службæйы разамонæг **Плиты Вадимы** раныхасмæ «2026 азы коммуналон лæггæдтæн адæмы фиддонты бæрцы æмæ коммуналон лæггæдты тарифты тыххæй».

Куыд загъта, афтæмæй, закъонæвæрынадмæ гæсгæ, Тарифты регионалон службæ сфидар кодта, экономикон æгъдауæй æфсон кæмæн ис, ахæм тарифтæ – донæн, электрон тыхæн, хъарм дæттынæн, газæн, донсыгъдæггæнæнтæ (канализаци) æмæ хъæбæр коммуналон хауæццæгтæ ласынæн. Уыимæ, зæгъынц, донæй, электрон тых æмæ донсыгъдæггæнæнты лæггæдтæй пайда кæнынæн адæмæн ис льготæмæ гæсгæ тарифтæ дæр. Уый амоны, экономикон æгъдауæй æфсон кæмæн ис, уыцы бæрцæй адæм кæй фидынц къаддæр. Уый та уый фæрцы, æмæ республикæ кæй архайы «Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ энергетикæйы куыстуæтты экономикон фидар райрæзт»-ы цыбырæмгъуыдмæйы фæлварæн программæйы. Ома, экономикон æфсон цы æмбæлгæ бæрц амоны, адæм уымæй фидынц къаддæр, тарифты 'хсæн хъауджыдзинад та фыст кæй цæуы федералон æмæ республикон бюджеттæй.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады лæггæдты тарифтæ ацы аз куыд ивдзысты, уым ис хицæндзинæдтæ. Афтæ, тарифтæ фыццаг хатт фæфылдæр сты 1 январæй 1,7 проценты, уый уымæн, æмæ хъалон (НДС) кæй фæфылдæр. Дыккаг хатт тарифтæ фæфылдæр уыдзысты ацы азы 1 октябрæй (раздæры 1 июлы бæсты) æмæ сырæздзысты:

– донæн – 32,08 проценты;

– донсыгъдæггæнæнтæн – 29,7 проценты;

– хъармæн – 20,1 проценты;

– электрон тыхæн – 11,3 проценты;

– газæн – 9,57 проценты.

Тарифтæ фылдæр кæй кæнынц, уый æмбарын кæнынц ахæм æфсæнттæй: фыццаг – энергихæссæг фæрæзтæн сæ аргъ кæны фылдæр; дыккаг – коммуналон системæтæ сты быньдуронæй цалцæггæнинаг (зæгъæм, донуадзæн хæтæлтæн нал бæззы сæ 59 проценты, донсыгъдæггæнæн объекттæн – сæ 76 проценты, хъарм цы хæтæлтыл цæуы, уыдонæн сæ 48 проценты); æртыккаг – экономикон æгъдауæй æфсон кæмæн ис, ахæм æмвæзадмæ тарифтæ схæццæ кæныны республикон программæ у царды рауадзинаг.

Æнæбафиппайгæ нæу, иннæ тарифты рæзтимæ абаргæйæ, бырон (хъæбæр коммуналон æппарæнтæ) ласыны тариф кæй нæ рæзы, уый. Уымæн æмæ, фыццаджыдæр, бырон ласæг регионалон операторты хъалон (НДС) фидын нæ хъæуы, уымæ гæсгæ ацы азы 1 январæй тарифты рæзт уыдонмæ нæ хауы. Дыккаджы, куыд загъта, афтæмæй, коэффициент кæй аивта, уый тарифты рæзтыл дзурæг нæу, фæлæ у, фæлхасгæнæг кæмæй спайда кодта, уыцы нормативы рæзт. Уымæй, æвæццæгæн, закъонæвæрджыты фæнды дон нымайæн приборты æвæрынмæ адæмы сразæнгард кæнын. Се 'вæрын хорз уымæй у, æмæ адæмы фидын хъæудзæн къаддæр. Иннæрдыгæй, дон цас схардз кодтой, уый дæр уыдзæн бæрæг.

Ацы ран æнæзæгъгæ нæй, нæ республикæйы Сæргълæууæг «Водоканал»-æн кæй бауынаффæ кодта, цæмæй хæстæгдæр рæстæг фæхата цæрджытæм, фыццаджыдæр, цыбыркъух æмæ бирæсывæллонджын бинонтæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæм æмæ сын зæрдæ бавæра, дон нымайæн приборты сын кæй æвæрдзæн лæвар. Ацы хабар адæм, æнæмæнг, хъуамæ зоной.



Тарифты рæзтимæ баст сæвзæргæ уавæрыл хорзæрдæм хъуамæ сахада уæлдæр амынд «Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ энергетикæйы куыстуæтты экономикон райрæзт»-ы цыбырæмгъуыдмæйы фæлварæн программæ царды рауадзыны хъуыддаг. Уый фæрцы арæзт æрцыд дон æмæ хъарм дæттыны, стæй донсыгъдæггæнæнты иумæйаг оператор. Йæ сæйраг хæс у коммуналон хæдзарады куыстуæтты экономикон уавæр фæхуыздæр кæнын, цæмæй се 'нæбындур хæрдзтæ кæной къаддæр.

Ацы азы 1 октябрæй бырон ласыны тариф 4,6 процентæй фæфылдæр уыдзæн æрмæстдæр Мæздæджы районы (уынаффæгæнæг у уыцы районы кусæг регионалон оператор «Чистый город»). Республикæйы иннæ районы, куыд пълангонд цæуы, афтæмæй бырон ласыны тариф, ныр куыд у, уымæй ноджы фæкъаддæр уыдзæн 81,5 проценты. Уый та, Уæрæсейы Монополиты ныхмæ федералон службæ регионалон оператор «ЭРА»-йы ныхмæ ахæм уынаффæ кæй рахаста, тынгдæр уый фæрцы.

Коммуналон фиддонты рæстæмбис индекс нæ республикæйæн у 16,4 проценты. Сфидар æй кодта УФ-йы Хицауад. Уæвгæ та йæ тæккæ фылдæр бæрц Уæрæсейы у 18,4 проценты.

Уыцы æмбырды Тарифты регионалон службæйы разамонæг ма дзырдта, службæмæ комкоммæ чи нæ хауы, фæлæ адæмы тынг чи тыхсын кæны, æмæ уымæ гæсгæ депутаттæ дæр йе 'ргом кæмæ здахынц, уыцы фарстайыл. Ныхас цæуы, уазал донæн фиддоны бæрц нымайгæйæ, цы коэффициент 3-йæ пайда кæнынц, ууыл (раздæр уыцы коэффициент уыд 1,5), – уый, дон нымайæн прибор куы нæ уа, уæд. Раныхасгæнæг

Коммуналон лæггæдтæн фидынæй адæмыл цы уаргъ æвæрд цæуы, уый фæрогдæр кæндзысты субсидитæ. Уыдонæй пайда кæныны бар кæмæ хауы, уый фæдыл бæлвырд хабæрттæ базонæн ис социалон æгъдауæй лæггадгæнæг центрты.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

# Программа телепередач с 9 по 15 марта

## 9 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Х/ф «Соломенная шляпка» 0+
08.45 Золотая коллекция Союзмультфильма 0+
10.15 Д/ф «И не надо зря портить нервы». К 100-летию Александра Зацепина» 12+
11.10 Повара на колесах 12+
12.15 Видели видео? 0+
13.25 «Эхо любви» Роберта Рождественского 12+
15.20 Горячий лед. Фигурное катание. Финал Гран-при России. Трансляция из Челябинска 0+
17.00 Д/ф «Антон Хабаров. Под маской Казановы» 12+
18.00 Вечерние новости
18.20 Сегодня вечером 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Казанова. Возвращение» 16+
23.00 Д/ф «Лайза Миннелли. Невероятная, но правдивая история». К юбилею великой актрисы» 18+
00.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
04.10 Х/ф «Девочки не плачут» 16+
07.35 Большой праздничный концерт «О чем поют 8 марта» 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 17.00, 20.00 Вести
11.50 Х/ф «Служебный роман» 12+
14.45 «Измайловский парк». Большой юмористический концерт 16+
17.50 Песни от всей души 12+
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «Москва слезам не верит» 12+
23.45 Большой концерт к 50-летию Юрия Шатунова 16+
01.45 Х/ф «Любимые женщины Казановы» 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45 Х/ф «Раскаленный периметр» 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
08.20, 10.20 Основано на реальных событиях 16+
12.50, 16.20, 19.35 Т/с «Возмездие» 16+
20.30 Х/ф «Роднина» 12+
23.20 Все звезды для любимой 12+
01.35 Х/ф «Поезд на север» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф «Чиполлино» 0+
05.35 Х/ф «Полосатый рейс» 12+
07.00 Х/ф «Не могу сказать «прощай» 12+
08.40 Х/ф «Шерлок Холмс и доктор Ватсон. Знакомство» 12+
10.05 Х/ф «Шерлок Холмс и доктор Ватсон. Кровавая надпись» 12+
11.25, 12.45, 14.05, 15.25, 17.00, 18.30, 20.00, 21.25, 23.05 Х/ф «Приключения Шерлока Холмса и доктора Ватсона» 12+
00.35 Х/ф «Влюблен по собственному желанию» 12+
02.15 Х/ф «Жги!» 12+
03.45 Х/ф «Принцесса на бобах» 12+

### КУЛЬТУРА
06.30 Легенды мирового кино 16+
07.00 М/ф «Двенадцать месяцев» 16+
08.00 Х/ф «Человек с бульвара Капуцинов» 0+
09.40 Тайны старого чердака 16+
10.10 Х/ф «Мэри Поппинс, до свидания!» 16+
12.30 Исторические курорты России 16+
13.00 Первый день весеннего тепла 16+
13.50 Х/ф «Девушки из Рошфора» 16+
16.00 Пешком... 16+
16.30 Гала-концерт Медиакорпорации Китая по случаю праздника Весны 2026 г. 16+
17.15 Х/ф «По семейным обстоятельствам» 12+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Кино о кино 16+
20.25 Х/ф «Формула любви» 0+
22.00 Большая опера-2025 г. Гала-концерт в БЗК 16+
23.30 Х/ф «Собака на сене» 0+
01.40 Д/ф «Совы. Дети ночи» 16+
02.40 М/ф «Сказка о глупом муже». «Сундук» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда 16+
07.00, 09.00, 12.55 Новости
07.05, 13.00, 21.15, 00.45 Все на Матч! 12+
09.05 М/ф «Чемпионы» 6+
09.25, 10.05 Век нашего спорта 12+
11.15 Д/ф «Царица Тамара. Быкова» 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.55 Футбол. Лига Пари. «Ротор» (Волгоград)-»Урал» (Екатеринбург). Прямая трансляция
16.00 Смешанные единоборства. UFC. Макс Холлоуэй против Чарльза Оливейры. Трансляция из США 16+
17.15 Громко. Прямой эфир
18.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. «Спартак» (Москва)-»Акрон» (Тольятти). Прямая трансляция
22.35 Футбол. Чемпионат Италии. «Лацио»-»Сассуоло». Прямая трансляция
01.35 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
02.05 Дзюдо. Мировой тур. Гран-при. Трансляция из Австрии 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. «Зенит-Казань»-»Динамо-ЛО» (Ленинградская область) 6+

### ТВЦ
05.45 Х/ф «Ночной переезд» 12+
07.15 Х/ф «Дедушка без адреса» 16+
09.00 Х/ф «Однажды двадцать лет спустя» 12+
10.35 Д/ф «Короли моды» 16+
11.30, 14.30, 00.15 События
11.50 Д/ф «Александр Зацепин. Счастье вдруг...» 16+
12.35 Х/ф «Загадка Фибоначчи» 12+
14.50 Х/ф «Загадка Эйнштейна» 16+
16.45 Х/ф «Загадка Пифагора» 12+
18.40 Х/ф «Загадка Цезаря» 12+
20.40 Х/ф «Загадка Евклида» 12+
22.25 Х/ф «Загадка Римана» 12+
00.30 Х/ф «Мышеловка» 16+
02.05 Т/с «Сразу после сотворения мира» 16+
05.30 Д/ф «Большое кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.10 Х/ф «Приезжая» 16+
07.50 Х/ф «Женщины» 16+
10.05, 01.20 Т/с «Прошу поверить мне на слово» 16+
14.40 Х/ф «Без права на любовь» 16+
19.00 Х/ф «Законы красоты» 16+
23.05 Х/ф «Мужчина в моей голове» 18+
04.40 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30 Новости 16+
09.00, 13.00 Т/с «СМЕРШ» 16+
13.25, 17.00 Т/с «СМЕРШ-3» 16+
22.45 Т/с «Дорогой Вилли» 16+
02.15 Х/ф «Время первых» 6+

### СТС
06.00, 05.05 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+
06.15 М/ф «Волки и овцы. Бе-е-е-зумное превращение» 6+
07.40 М/ф «Волки и овцы. Ход свиньей» 6+
09.05 М/ф «Мармадюк» 6+
10.55 Х/ф «Непослушник-2» 12+
13.10 Х/ф «Холоп»-2» 12+
15.40 Т/с «Камбэк» 16+
23.00 Х/ф «Василий» 16+
01.10 Х/ф «Лед-2» 12+
03.15 Х/ф «Страсти по Матвею» 16+
05.40 100 мест, где поесть 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
08.55 Выжить в Стамбуле 16+
11.20 Х/ф «Домовенок Кузя» 6+
13.00 Х/ф «Сокровища гномов» 6+
14.50 Х/ф «Царевна-лягушка» 6+
16.35 Х/ф «Летучий корабль» 12+
18.20 Х/ф «Семейный призрак» 6+
20.00, 20.30 Т/с «Мотай» 16+
21.00 Наша Russia. 8 марта 16+
22.55 Х/ф «Теща» 16+
00.50 Х/ф «Агент под прикрытием» 16+
02.20, 03.10, 03.55, 04.40 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 10 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Казанова. Возвращение» 16+
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.15, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.45, 23.50 Х/ф «Кавказская пленница, или Новые приключения Шурика» 6+
17.00 Малахов 16+
21.30 «Век Зацепина». Большой юбилейный вечер к столетию Александра Зацепина. Прямая трансляция из Большого театра
01.20 Х/ф «Свадьбы не будет» 12+
03.05 Т/с «Потерянный ключ» 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Новая земля» 16+
22.15 Т/с «Канцелярская крыса» 16+
00.40 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
01.15 Т/с «Порт» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25 Х/ф «Принцесса на бобах» 12+
05.55, 06.35, 07.15 Они потрясли мир 16+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.50, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.15, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
04.30 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.15 Кристальные истории 16+
07.35, 13.00, 21.55 Сокровища Московского Кремля 16+
08.30 Х/ф «Формула любви» 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.50 XX Век 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.55 Х/ф «По семейным обстоятельствам» 12+
16.10 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
16.30 Эрмитаж 16+
17.15 Исторические концерты 16+
18.35, 20.05 Линия жизни 16+
19.45 Главная роль 16+
21.15 Белая студия 16+
22.50 Т/с «Отверженные» 16+
00.15 Х/ф «Рожденная революцией» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Непобедимый 12+
06.30 Лыжная страна 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.30, 15.30, 23.35 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Вопреки всему 12+
10.30, 16.45 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 01.35 География спорта 12+
17.45 Профессиональный бокс. Winline. IBA.PRO 12. Павел Сосулин против Хорхе Фортеа. Трансляция из Самары 16+
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Ак Барс» (Казань)-»Спартак» (Москва). Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.35 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
02.05 Бадминтон. Мировой тур. Трансляция из Великобритании 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. «Локомотив» (Новосибирск)-»Зенит» (Санкт-Петербург) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 16+
10.35, 04.20 Д/ф «Евгений Леонов. Зигзаги удачи» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Орлинская. Стрелы Нептуна» 16+
16.55 Актерские драмы 16+
18.10 Х/ф «Загадка Монти Холла» 16+
20.00 Х/ф «Загадка Ферма» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Изнанка идеального брака» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50, 02.10 Д/ф «Русские тайны» 16+
01.30 Хроники московского быта 16+
05.30 Д/ф «Большое кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30 Х/ф «Приезжая» 16+
06.45, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.45, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.45, 02.15 Тест на отцовство 16+
11.00, 22.55 Д/с «Понять. Простить» 16+
12.10, 00.00 Д/с «Порча» 16+
13.15, 00.55 Д/с «Знахарка» 16+
13.50, 01.20 Д/с «Верну любимого» 16+
14.25, 01.50 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
15.00 Х/ф «Портрет любимого» 16+
19.00 Х/ф «Цветок граната» 16+
03.55 Д/с «Предсказания: 2026» 16+
04.45 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.20, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 100 вопросов обо всем 16+
17.00, 01.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Операция «Наполеон» 16+
22.10, 23.25 Х/ф «Выжить любой ценой» 16+

### СТС
06.00 100 мест, где поесть 16+
09.20 Х/ф «Лед-2» 12+
12.00 Тайный миллионер 16+
14.30 Т/с «Мама будет против» 16+
21.00 Х/ф «Холоп»-2» 12+
23.25 Х/ф «Любовь со второго взгляда» 12+
01.25 Х/ф «Непослушник-2» 12+
03.10 Х/ф «Добро пожаловать в семью. Повар из Неаполя» 16+
04.30 Д/ф «Огненный лис» 6+
05.50 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Мотай» 16+
21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Праздники» 16+
23.00 Х/ф «Любовь зла» 16+
00.40 Х/ф «Агент Три нуля» 18+
02.25, 03.10, 03.55, 04.40 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 11 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Казанова. Возвращение» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.45, 03.30 Т/с «Потерянный ключ» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Мамонты» 16+
23.55 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.35, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Новая земля» 16+
22.15 Т/с «Канцелярская крыса» 16+
00.40 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.45 Т/с «Порт» 16+

### ПЯТЫЙ КАНЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.35, 06.10, 06.55, 07.40, 08.25, 09.30, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
09.45, 10.40, 11.30, 12.20, 13.30, 13.40, 14.25, 15.20, 16.10 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.55, 20.40, 21.25, 02.05, 02.45, 03.20, 04.00 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Легенды мирового кино 16+
07.45, 13.00, 21.55 Сокровища Московского Кремля 16+
08.50, 22.50 Т/с «Отверженные» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.45 XX Век 16+
12.00, 02.30 Д/ф «Сочи. Вилла «Вера» 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.55, 00.15 Х/ф «Рожденная революцией» 16+
15.35 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Исторические концерты 16+
18.15 Д/ф «Бухара. Дворец Ситораи Мохи-Хоса» 16+
18.45 Острова 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Абсолютный слух 16+
21.15 Власть факта 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Непобедимый 12+
06.30 География спорта 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.30, 15.30, 23.35 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Вопреки всему 12+
10.30 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 01.35 Вид сверху 12+
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Салават Юлаев» (Уфа)-»Металлург» (Магнитогорск). Прямая трансляция
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. СКА (Санкт-Петербург)-»Динамо» (Минск). Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.35 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура 6+
02.05 Лыжный спорт. Двоеборье. Международный турнир. Трансляция из Нижнего Тагила 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Зенит» (Санкт-Петербург)-»Бетсити Парма» (Пермский край) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 16+
10.35, 04.25 Д/ф «Сергей Филиппов. Есть ли жизнь на Марсе...» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.55 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.05 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Орлинская. Тайна Венеры» 16+
16.55 Актерские драмы 16+
18.10 Х/ф «Загадка Эйлера» 16+
20.00 Х/ф «Загадка сангаку» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Прощание 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Тайная комната» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Д/ф «Хозяйки Белого дома» 18+
05.35 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.20 Тест на отцовство 16+
10.10, 23.00 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.15, 00.10 Д/с «Порча» 16+
12.25, 01.00 Д/с «Знахарка» 16+
13.00, 01.25 Д/с «Верну любимого» 16+
13.35, 01.55 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.10 Красивая и счастливая 45+ 16+
14.25 Т/с «Птица счастья» 16+
19.00 Х/ф «Цветок граната» 16+
04.00 Д/с «Предсказания: 2026» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.50, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 СОВБЕЗ 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 01.40 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Пылающее море» 16+
22.00, 23.25 Х/ф «Дело храбрых» 16+

### СТС
06.00 100 мест, где поесть 16+
09.45 Х/ф «Холоп» 12+
12.00 Т/с «Не в своей тарелке» 16+
21.00 Х/ф «Клинер» 16+
22.55 Х/ф «22 мили» 16+
00.45 Х/ф «Опасный квартал» 16+
02.20 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.05 Х/ф «До встречи на Венере» 16+
04.35 Х/ф «С-счастье» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Мотай» 16+
21.00, 21.30, 21.55, 22.20 Т/с «Праздники» 16+
22.50 Х/ф «Семейный призрак» 6+
00.30 Х/ф «Дорогой Джон» 16+
02.15, 03.00, 03.45, 04.30 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 12 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Казанова. Возвращение» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.35, 03.30 Т/с «Потерянный ключ» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Мамонты» 16+
23.55 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
